bu nit ñi xamoon li nekk ci nodd gi ak sàppe su njëkk si te manu ñu lu dul tegoo bant kon danañu ko tegoo bant

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "bu nit ñi xamoon li nekk ci nodd gi ak sàppe su njëkk si te manu ñu lu dul tegoo bant kon danañu ko tegoo bant, te bu ñu xamoon li nekk ci teela dem kon danañu njëkkante jëm ca, bu ñu xamoon it li ci gee ak suba danañu ko dikkal donte dañuy raam".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne bu nit ñi xamoon li ci nodd gi ak sàppe su njëkk si ci ngëneel ak yiw ak barke te amuñu genn anamu jiitu ca ak lu dul ñu tegoo bant ba xam kan ci ñoom moo ca gën a yay moroomam kon danañu ko tegoo bant, te bu ñu xamoon li nekk ci teel a jëm ca julli ga ci waxtu wu njëkk wi kon danañu njëkkante jëm ca, bu ñu xamoon it daytalu yool bi nekk ci ñëw ci jullig gee ak jullig fajar kon danañu yombal ñëw ga donte dañuy raam ci seen i wóom kem ni xale di doxe ci njëlbeenu mbiram.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65735